WIKIPÉDIA

Basa Ilokano

Basa Ilokano (cara Ilokano: *Pagsasao nga Ilokano*) iku basa Filipina kang cacahé panyaturé akèh dhéwé angka telu sawisé basa Tagalog lan basa Cebuano.

Basa iki kalebu kulawarga basa Austronésia, lan seduluran karo basa Malayu, Indonésia, Tetun, Chamorro, Fiji, Maori, Hawaii, Samoa, Tahiti, Paiwan, lan Malagasi. Basa iki uga seduluran karo kulawarga basa Luzon, mligané kang ana ing iring lor, lan saèmper basa Balangao lan dhialèk-dhialèké basa Bontoc iring wétan.[7]

Ing wulan Sèptèmber 2012, Provinsi La Union ngesahaké basa Ilokano (Iloko) minangka salah sawijining basa enggon-enggonan resmi saliyané basa Inggris lan Filipino (Tagalog).[4] Provinsi iku uga provinsi ing Filipina kang pisanan ngesahaké pepacuh kanggo ngayomi lan nguri-uri basa asli, sanajan ana uga basa-basa liyané kang dicaturaké ing La Union, kaya ta basa Pangasinan lan Kankanaey.[4]

Ilokano	
Ilokano	
Iloko, Iluko, Pagsasao nga Ilokano	
Asal	Filipina
Laladan	Luzon Lor lan manéka papan ing Luzon Tengah
Ètnis	Wong Ilokano Wong Filipina Amérika (Wong Filipina ing Hawaii)
Panyatur asli	9,1 yuta (2015)[1] 2 yuta panyatur basa kapindho (2000)[2] Basa angka telu akèh dhéwé panyaturé ing Filipina[3]
Kulawarga basa	Austronésia ▪ Malayo-Polynésia ▪ Filipina ▪ Filipina Lor ▪ Luzon Lor ▪ **Ilokano**
Aksara	Latin (alfabèt Ilokano), Aksara Braille Ilokano *biyèn nganggo aksara Baybayin*
Status resmi	
Basa resmi ing	Basa enggon-enggonan ing Filipina Basa enggon-enggonan resmi ing Provinsi La Union[4]
Diatur déning	Komisyon sa Wikang Filipino
Kodhe basa	
ISO 639-2	`ilo`
ISO 639-3	`ilo`
Glottolog	`ilok1237 (http://glottolog.org/resource/languoid/id/ilok1237)`[5]
Linguasphere	`31-CBA-a (http://linguasphe`

Gegebengan

Basa Ilokano, kaya déné kabèh basa Filipina liyané, kalebu kulawarga basa Austronésia kang dipracaya asalé saka Taiwan.[8][9] Basa Ilokano kalebu anak kulawarga basa Kordiléra Filipina. Basa iki dicaturaké minangka basa guneman kapisan déning wong pitung yuta.[3]

Minangka *lingua franca* ing tlatah lor Filipina, mligi Luzon Lor, basa iki uga dadi basa guneman kapindho déning punjul saka wong rong yuta kang asliné ngendikan basa Ibanag, basa Ivatan, lan basa-basa liyané ing Luzon Lor.[2]

Sebaran

Basa Ilokano dicaturaké ing Luzon iring lor-kulon, Kapuloan Babuyan, Cordillera, Lembah Cagayan, Luzon Tengah, lan njlamprah ing Pulo Mindanao.[10] Basa iki uga dicaturaké ing Amérikah Sarékat, kanthi cacahé panyatur paling akèh dumunung ing Hawaii lan California.[11] Basa Ilokano uga minangka basa dudu-

Inggris kang akèh dhéwé panyaturé angka telu ing Hawaii sangisoré basa Tagalog lan basa Jepang, kanthi 15% kulawarga ing Hawaii nuturaké basa iki.[12]

re.info/?page=linguascale&linguacode=31-CBA-a)

Tlatahé panyatur basa Iloko miturut Ethnologue[6]
Tlatah kang disetrip iku tlatah panyatur dwibasa Ilokano lan Itneg ing Provinsi Abra

Rujukan

1. Mikael Parkvall, "Världens 100 största språk 2007" (The World's 100 Largest Languages in 2007), in *Nationalencyklopedin*
2. Galvez Rubino, Carl Ralph (2000). *Ilocano Dictionary and Grammar: Ilocano-English, English-Ilocano*. University of Hawai'i Press. ISBN 0-8248-2088-6.
3. Philippine Census, 2000. Table 11. Household Population by Ethnicity, Sex and Region: 2000
4. Elias, Jun (19 September 2012). "Iloko La Union's official language" (http://www.philstar.com/nation/2012/09/19/850488/iloko-la-unions-official-language). *Philippine Star*. Dijupuk 24 September 2012.
5. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Iloko" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/ilok1237). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.
6. Ethnologue. "Language Map of Northern Philippines" (http://www.ethnologue.com/map/PH_n). *ethnologue.com*. Ethnologue. Dijupuk 7 December 2015.
7. Lewis (2013). Ethnologue Languages of the World. Retrieved from:http://www.ethnologue.com/language/ebk
8. Bellwood, Peter (1998). "Taiwan and the Prehistory of the Austronesians-speaking Peoples". Review of Archaeology 18: 39–48.
9. Diamond, Jared M. (2000). "Taiwan's gift to the world." Nature 403 (6771): 709–10. doi:10.1038/35001685. PMID 10693781 (https://www.ncbi.nlm.nih.gov/pubmed/10693781).
10. Lewis, M. Paul; Simmons, Gary F; Fennig, Charles D. "Ethnologue: Languages of the World, Eighteenth edition" (https://www.ethnologue.com/language/ilo). SIL International. Dijupuk 17 December 2015.
11. Rubino, Carl (2005). "Chapter Eleven: Iloko". *The Austronesian Language of Asia and Madagascar* (https://books.google.com/books?id=OtWdhQ7vc6kC&printsec=frontcover&dq=The+Austronesian+Languages+of+Asia+and+Madagascar&hl=en&sa=X&ved=0ahUKEwi_4-_4x-XJAhVERCYKHXPdCl0Q6AEIMDAA#v=onepage&q&f=false). Himmelmann, Nikolaus P. Routledge. k. 326. ISBN 0-7007-1286-0. Paramèter `|juru besut=` sing ora kawruhan dikiwakaké (pitulung)
12. "The Non-English Speaking Population in Hawaii" (http://files.hawaii.gov/dbedt/census/acs/Report/Data-Report-Non-English-Speaking-Profile-Hawaii.pdf) (PDF). State of Hawaii Department of Business, Economic Development & Tourism Research and Economic Analysis Division. k. 4. Dijupuk 18 December 2015.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Ilokano&oldid=1488604"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 09.07, 12 Juli 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.